

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bagéan bakal dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan. Sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé, tangtuna kudu dibarengan ku métode anu tangtu. Ieu panalungtikan téh nyaéta panalungtikan kualitatif., nyaéta métode nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 9) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan dumasar kana falsafah *postpositivisme*, anu dipaké pikeun nalungtik kondisi objék anu alamiah, dimana nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanana. Téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (gabungan), analisis data miboga sipat induktif/kualitatif jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih neukenkeun kana ma'na tibatan generalisasi. Métode panalungtikan kualitatif biasa disebut métode panalungtikan naturalistik ku sabab panalungtikanana dilakukeun kana kondisi anu alamiah (*natural setting*); disebut ogé salaku métode etnographi, ku sabab mimitina métode ieu leuwih loba digunakeun pikeun panalungtikan widang antropolohi budaya; ku sabab data anu kakumpul jeung analisisna sipatna kualitatif.


Dina panalungtikan anu ngagunakeun pamarekan kualitatif, miboga patali jeung métode analisis déskriptif. Métode analisis déskriptif mangrupa métode anu ngagambarkeun atawa maparkeun data, misalna kaayaan, kondisi, situasi, jsb. Anu hasilna dipaparkeun dina wong laporan panalungtikan, tuluy dibandingkeun jeung panalungtikan-panalungtikan anu séjenna (Arikunto, 2014, kc. 3). Panalungtikan métode analisis déskriptif pamarekan anu digunakeun pikeun ngadéskripsi, nyindekkeun jeung napsirkeun data anu geus dikumpulkeun sacara sistématis. Fokus utama nyaéta pikeun nampilkeun data sangkan gampang kaharti.

Dina métode analisis déskriptif ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsi, jeung analisis Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa. Dina hasil tina analisis struktur carita dilarapkeun kana ulikan tiori cinta segitiga pamarekan Robert Sternberg.

Dumasar kana pamadegan para ahli, métode kualitatif bisa dicindekeun salaku pendekatan panalungtikan anu jero tur kontéksstual, anu nekenkeun pamahaman interpretatif fénoména sosial. Métode ieu ngamungkinkeun panalungtik pikeun ngumpulkeun data leuwih euyeub ngaliwatan obsérvasi langsung, wawancara, jeung analisis dokumén, kitu ogé nganalisis hubungan kompléks antara variabel anu kalibet. Métode kualitatif cocog pisan pikeun ngarti kontéks sosial anu kompleks jeung menangkeun wawasan anu jero kana pangalaman individu jeung makna anu dikandungna.

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, aya sababara léngkah atawa tahapan panalungtikan, nyaéta tahap ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan, nyién kacindekan, sarta nyieun laporan. Desain nu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1
Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

Dina téhnik panalungtikan ngawengku dua macam nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Ieu panalungtikan tangtuna kudu

ngagunakeun cara anu sistématis sangkan ieu panalungtikan bisa nyangking hasil anu alus. Ku kituna, dipedar ngeunaan téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data saperti kieu.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina téhnik ngumpulkeun data tangtuna jadi hiji hal anu kudu aya tur penting pisan dina ieu panalungtikan, ku sabab dina ieu panalungtikan ngabutuhkeun data, tangtuna henteu sagawayah dina ngumpulkeun datana, kudu ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data anu *standar* nu geus ditetapkeun. Saluyu jeung sawangan Sugiyono (2017, kc. 224) mangrupa léngkah anu *strategis* pisan dina panalungtikan, ku sabab udagan utama tina panalungtikan nyaéta nyangking data. Ku sabab, dina nyangking data dina panalungtikan kudu apal kana téhnik ngumpulkeun datana.

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Talaah pustaka mangrupa sagala unsur nu dilakeukeun ku panalungtik pikeun nyangking sagala rupa informasi nu rélévan. Téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun talaah Pustaka/studi Pustaka, dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara maca heula sumber datana nyaéta novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa anu dibarengan ku data lianna nu raket patalina jeung struktural sarta romantisme dina karya sastra. Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data téh nyaéta:

- 1) maca sagemblengna novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa;
- 2) nyirian unsur caritaan dina novel;
- 3) nyirian data anu aya patalina jeung aspék romantik sastra;
- 4) ngumpulkeun data dina mangrupa cutatan anu patalina jeung struktural ogé unsur cinta segitiga dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan data anu dikumpulkeun dina téhnik ngumpulkeun data satuluyna nu kudu dilakukeun nyaéta ngolah data, ku sabab data anu geus dikumpulkeun tangtuna kudu di olah datana sangkan datana saluyu jeung nu diharepkeun. Saluyu jeung sawangan Arikunto (2014, kc. 281) yén ngolah data

nyaéta hasil analisis dina ngumpulkeun data tuluy di olah ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan-aturan anu aya, saluyu jeung pamarekan ieu panalungtikan.

Dina Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis. Analisis struktur carita jeung unsur romantik nu nyangkaruk dina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa bisa didéskripsiéun kalawan jelas tur jéntré.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan téh tangtu museur kana Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa. Salian ti éta ieu panalungtikan ogé dideudeulan ku sababaraha hal anu kapanggih dina eusi Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa. Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 262) instrumén panalungtikan mangrupa alat bantu anu digunakeun dina ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén panalugtikan pikeun miharep bisa nyangking hasil anu lengkep jeung saluyu tur gampang kalayan datana sistématis.

Dina instrumén panalungtikan miboga dua bagéan nyaéta instrumén panalungtikan ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data. Dina ieu instrumén téh pikeun ngamudahkeunn dina panalungtikanana. Dina ieu panalungtikan instrumén panalungtikan téh dilakukeun pikeun nganalisis struktur carita jeung unsur romantisme cinta segitiga dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina instrumén ngumpulkeun data mangrupa hiji hal anu perlu dilakukeun dina panalungtikan. Aya sababaraha téhnik anu bisa digunakeun dina panalungtikan. Saluyu jeung sawangan Sugiyono (2017, kc. 224) yén dina ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku sababaraha rupa, sumber, jeung cara. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi Pustaka atawa talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka ieu mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan anu dijadikeun bahan panalungtikan.

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data pikeun ngamudahkeun dina ngumpulkeun data. Sangkan leuwih jéntré conto-

conto kartu data jeung tabél anu digunakeun pikeun ngolah hasil panalungtikan di gambarkeun kieu.

Tabél 3. 1 Kartu Data Téma

No	Téma	Cutatan	Kode
...

Pikeun maluruh data ngeunaan fakta-fakta carita, digunakeun kartu data. Ieu kartu data dieusian luyu jeung data anu dipaluruh, anapon kartu datana saperti kieu.

**Tabél 3. 2
Kartu Data Fakta Carita
(Galur, Palaku, Panokohan/Tokoh jeung Latar)**

No	Fakta Carita	Cutatan	Kode
...

Pikeun maluruh data ngeunaan sarana sastra, digunakeun kartu data. Ieu kartu data dieusian luyu jeung data anu dipaluruh, anapon kartu datana saperti kieu.

**Tabél 3. 3
Kartu Data Sarana Carita
(Judul, Puseur Implengan, jeung Gaya Basa)**

No	Sarana Sastra	Cutatan	Kode
...

Ieu di handap mangrupa conto kartu data anu geus dieusi ku hasil tina maluruh novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa.

**Tabél 3. 4
Conto Kartu Data Téma**

No	Téma	Cutatan	Kode
1.	Kasang tukang kahirupan Nonon anu peurih	“Aya caritaan Bibi anu ka kuringna jadi pikiran. Pajar cenah kuring kudu kuat. Lantaran bisa disebutkeun mustahil lamun kudu mapaykeun kumaha kajadian nu sabenerna mah. Euweuh deui pijalaneunana iwal ti kuringna kudu daék narima”	CAD/SC/T1/46

Keterangan:

Kode: Kode Data

CAD: Carita Anu Duaan

SC: Struktur Carita

T1: Téma kahiji

46: Kaca ka -46

Tabél 3. 5
Conto Kartu Data Fakta Carita
(Galur, Palaku, Panokohan/Tokoh jeung Latar)

No	Fakta Carita	Cutatan	Kode
1.	Latar Tempat	“Imah anu dicicingan téh imah heubeul, titinggal Walanda. Témbokna karandel. Téhelna hérang kénéh.”	CAD/SC/FC/LT/07

Keterangan:

Kode:

CAD: Carita Anu Duaan

SC: Struktur Carita

FC: Fakta Carita

LT: Latar Tempat

07: Kaca ka -07

Tabél 3. 6
Conto Kartu Data Sarana Carita
(Judul, Puseur Implengan, jeung Gaya Basa)

No	Sarana Sastra	Cutatan	Kode
1.	Judul	“Ceuk Bibi mah cenah, pangna sok disebut Nonon téh lantaran tarang kuring rada nongnong.”	CAD/SC/SS/J1/07

Keterangan:

Kode: Kode Data

CAD: Carita Anu Duaan

SC: Struktur Carita

SS: Sarana Sastra

J: Judul

07: Kaca ka -07

Romantisme nu nyangkaruk dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa, dipaluruh dina tabél saperti kieu.

Tabél 3. 7
Conto Kartu Data Romantisme

No	Romantisme	Cutatan	Kode
1.	Kaintiman
2.	Gairah/Napsu
3.	Komitmen

Ieu mangrupa conto kartu data anu geus dieusian data romantisme dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa, saperti kieu.

Tabél 3. 8
Conto Kartu Data Unsur Romantisme

No	Romantisme	Cutatan	Kode
1.	Kaintiman	“Papadaning kitu, ku kuring karasa, hubungan jeung Kang Ohim téh beuki lila beuki	CAD/R/K/28

	raket.”	
--	---------	--

Keterangan:

Kode: Kode Data

CAD: Carita Anu Duaan

R: Romantisme

Ka: Kaintiman

28: Kaca ka -28

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Dina instrumén ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data anu udaganana pikeun mindahkeun jeung ngumpulkeun data anu geus aya pikeun ngamudahkeun diolah jeung di talaah sangkan leuwih dipikaharti. Ieu kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun hasil data analisis struktur carita jeung romantisme dina Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa.

Sangkan leuwih jéentré dipedar conto ngeusian salahajiji kartu data struktur carita jeung kartu data romantisme.

3.3.2.1 Kartu Analisis Data struktur cerita

1) Téma

Tabél 3. 9
Kartu Analisis Data Téma

Téma	:	
Cutatan	:	(Kode Data)
Analisis	:	

Anapon dina conto kartu analisis data anu geus dieusian, saperti kieu:

Téma	: Kasang tukang kahirupan Nonon anu peurih
Cutatan	: “Aya caritaan Bibi anu ka kuringna jadi pikiran. Pajar cenah kuring kudu kuat. Lantaran bisa disebutkeun mustahil lamun kudu mapaykeun kumaha kajadian nu sabenerna mah. Euweuh deui pijalaneunana iwal ti kuringna kudu daék narima”
	(CAD/SC/T1/46)
Analisis	: Katitén dina cutatan yén Nonon teu bisa mungkir kana takdir kahirupan na, ukur bisa narimakéun jeung kudu kuat.

Keterangan:

CAD: Carita Anu Duaan

SC: Struktur Carita

T: Téma

46: Kaca ka – 46

2) Fakta Carita

Tabél 3. 10
Kartu Analisis Data Fakta Carita

Fakta Carita	:	
Cutatan	:	
Analisis	:	(Kode Data)

Anapon kartu analisis data fakta carita anu geus dieusian, saperti kieu.

Fakta Carita	: Tokoh	
Cutatan	: "Ceuk Bibi mah cenah, pangna sok disebut Nonon téh lantaran tarang kuring rada nongnong."	(CAD/SC/FC/T/17)
Analisis	: Katitén dina cutatan carita aya ngaran tokoh Nonon, anu dicaritakeun pangna disebut Nonon téh.	

Keterangan:

CAD: Carita Anu Duaan

SC: Struktur Carita

FC: Fakta Carita

T: Tokoh

17: Kaca ka -17

3) Sarana Sastra

Tabél 3. 11
Kartu Data Analisis Sarana Carita

Sarana Sastra	:	
Cutatan	:	
Analisis	:	(Kode Data)

Anapon kartu data anu dipaké pikeun nganalisis sarana sastra, saperti kieu.

Sarana Sastra	: Judul	
Cutatan	: "Ceuk Bibi mah cenah, pangna sok disebut Nonon téh lantaran tarang kuring rada nongnong."	(CAD/SC/SS/J1/07)
Analisis	: Katitén dina cutatan yén judul carita Nonon téh disebutkeun ku sabab disebut Nonon, lantaran tarangna rada nongnong.	

Keterangan:

CAD: Carita Anu Duaan

SC: Struktur Carita

SS: Sarana Sastra

J: Judul

20: Kaca ka -20

3.3.2.2 Kartu Analisi Data Romantisme

1) Kaintiman

Kartu analisis data pikeun kaintiman dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa, saperti kieu.

**Tabél 3. 12
Kartu Analisis Data Kaintiman**

Kaintiman	:	(Kode Data)
Cutatan	:	
Analisis	:	

2) Gairah/Napsu

Kartu analisis data pikeun Gairah/Napsu dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa, saperti kieu.

**Tabél 3. 13
Kartu Data Analisis Gairah/Napsu**

Gairah/Napsu	:	(Kode Data)
Cutatan	:	
Analisis	:	

3) Komitmen

Kartu analisis data pikeun kaintiman dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa, saperti kieu.

**Tabél 3. 14
Kartu Analisis Data Komitmen**

Komitmen	:	(Kode Data)
Cutatan	:	
Analisis	:	

Anapon kartu analisis unsur romantisme anu geus nyangking ngeusian, saperti kieu.

Unsur Romantisme	:	Kaintiman	(CAD/RS/K/28)
Cutatan	:	“Lila-lila Kang Ohim sok rada mindeng nganteurkeun mun balik kuliah téh.”	
Analisis	:	Katitén dina cutatan carita di luhur, éta adegan dina carita mangrupa kaintiman lalaki ka awéwé. Ku kituna, ieu kaasup kana aspek romantisme cinta segitiga kaintiman.	

Keterangan:

CAD: Carita Anu Duaan

R: Romantisme

K: Kaintiman

28: Kaca ka 028

Unsur	: Gairah/Napsu
Romantisme	
Cutatan	: “Papadaning kitu, ku kuring karasa, hubungan jeung Kang Ohim téh beuki lila beuki raket”
Analisis	: Katitén dina cutatan carita di luhur disebutkeun rasa anu beuki dieu beuki bédá, ku kituna éta bisa disebutkeun kana gairah rasa anu robah.

Keterangan:

CAD: Carita Anu Duaan

R: Romantisme

G: Gairah

29: Kaca ka -29

Unsur	: Komitmen
Romantisme	
Cutatan:	: “...ceuk rarasaan ari hubungan kuring jeung Kang Ohim mah asa biasa-biasa waé. Tapi mun aya perasaan kitu téh sok gancang dibantah ku sorangan.”
Analisis:	: Katitén dina cutatan carita disebutkeun yén kuring henteu bisa nganggap leuwih ka Kang Ohim ku sabab kuring nganggapna biasa-biasa.

Keterangan:

CAD: Carita Anu Duaan

R: Romantisme

Ko: Komitmen

31: Kaca ka -31

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa subyék mimiti dicangkingna data (Arikunto, 2014, kc. 172). Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun dokuméntasi dina nyangking sumber data atawa cutatan, sedengkeun dina eusi cutatan mangrupa cubyék panalungtikanana. Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa.

3.4.1 Data

Dina ieu panalungtikan data mangrupa sagala informasi ngeunaan struktur carita jeung unsur romantisme cinta segitiga dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa.

3.4.2 Sumber Data

4) Identitas jeung Ringkesan

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap aya idéntitas bukuna:

Judul: *Carita Anu Duaan*


Pangarang: Abdullah Mustappa

Kandel Kaca: 108 kaca

Taun medal: 2023 (citakan kahiji)

Penerbit: Pustaka Jaya

Warna Jilid: Bodas jeung Hideung



Gambar 3. 1 Buku Novelét Carita Anu Duaan

Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa ngawengku tilu épisode. Novelét ieu nyaritakeun dua kasang tukang tokoh anu miboga kasang tukang kahirupan anu sarua. Nonon jeung Kuswana mimiti panggih waktu Nonon diajak ka paméran lukisan ku Tiah pas diditu dikenalkeun jeung Kuswana nyéta babaturanana Endang anu jadi kabogohna Tiah. Nonon jeung Kuswana beuki kadieu beuki deukeut lantaran ku sabab rasa nyaman antara Nonon jeung Kuswana.

5) Biografi Singget Pangarang



Abdullah Mustappa, lahir di Limongan, Garut, 18 Nopémber 1945. Mimiti ngasuh majalah *Fusi* (1971), satuluyna kungsi jadi koréspondén majalah *Mimbar* jeung *Tempo* (1972-1978), pingpinan Penerbit Pustaka Karsa Sunda (1987-1988), jeung kungsi jadi rédaktur tabloid basa Sunda *Galung*, rédaksi koran *Pikiran Rakyat*, jeung majalah basa Sunda *Manglé*.

Nulis prosa, puisi, éséy, sarta narjamahkeun, boh dina basa Sunda boh dina basa Indonésia. Éséyna ngeunaan puisis Amir Hamzah unggul dina sayémbara anu diayakeun ku Pusat Bahasa, Jakarta.

Taun 1997, dilélérlar Anugrah Jurnalistik “Zulharnas” ti PWI Pusat pikeun éseyana *Kita Butuh Dialog Kebudayaan* anu dimuat dina harian *Pikiran Rakyat*. Dina taun 1995, dilélérlar Hadiah Samsudi pikeun bacaan barudak ti Yayasan Kabudayaan Rancagé. Taun 2001, kungsi ogé dilélérlar Hadiah Jurnalistikk Moh. Koerdi ti Paguyuban Pasundan. Dilélérlar deui Hadiah Sastra Rancagé pikeun widang jasa taun 2006. Tuluy taun 2014 kasinugrahan deui Hadiah Sastra Rancagé pikeun buku Kumpulan sajakna *Titimangsa; 68 Sajak Alit*.

Sumber: *Carita Anu Duaan*, 2023. Bandung, PT. Pustaka Jaya.